

La Bib pou ti moun
prézanté

Orevwa
(adye)
Farawon !



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.






Farawon te fache ! Bondye te
ba li lòd pa mwayen Moyiz pou l
kite esklav Izrayelit yo kite
peyi Lejip. Li te refize.
Farawon te bay mèt esklav
yo lòd pou yo te travay pi
rèd toujou. Kounye a,
bagay yo te vin pi mal
pou Izrayelit yo.



"Ranmase pwòp pay nou. Nou p ap ba nou plis. Men fè menm kantite blòk la." Se te nouvo lòd Farawon.



Sipèvizè yo te bat
esklav ki pa te kapab
ranmase pay la epi
fè ase brik yo.





Pèp la te akize
Moyiz ak Arawon
pou tout pwoblèm
sa yo. Moyiz te
retire kò li pou l ale
priye. "O Senyè," li
te kriye, "Ou pa
sove pèp la ditou."

Bondye te reponn,
"Mwen se Letènèl,
kidonk m ap fè nou
soti kite peyi
Lejip."



Se konsa, Bondye te
voye Moyiz ak Arawon
ankò kote Farawon.
Lè Farawon te
mande sèvitè
Bondye yo yon siy,
baton Arawon an te
tounen yon sèpan.





Farawon te rele byen
fò : "Rele majisyen
mwen yo." Lè yo te
rive, yo te depoze
baton yo, ki te tounen
koulèv tou. Men, baton
Arawon an te vale lòt
koulèv yo. Men,
Farawon te refize kite
pèp la ale.



Nan denmen maten, Moyiz ak Arawon te rankontre
ak Farawon bò flèv la. Lè Arawon te leve baton li an,
Bondye fè dlo a tounen san. Pwason yo te mouri !
Pèp la pa te kapab bwè l ankò !



Men, farawon te fè kè li vin pi di. Li pa te vle
Izrayelit yo kite peyi Lejip.





Moyiz te mande
Farawon ankò pou
li kite pèp Bondye
a ale. Farawon
te refize ankò.
Bondye te voye
yon lòt flewo :
tout peyi Lejip te
anvayi ak krapo.
Chak kay, chak
chanm, tout
bagay te kouvri
ak krapo !







"Pale pou mwen,
pou Bondye retire
krapo yo,"
Farawon te
mande. "Lè sa a,
m ap kite pèp ou a
ale." Men, lè krapo
yo te disparèt,
Farawon te chanje
lide. Li pa te libere
esklav yo.



Bondye te voye plizyè milya pou. Chak moun, tout bèt yo te kouvri ak pou, men Farawon te refize koute.





Après sa, Bondye te voye
anpil ensèk. Bondye te voye
maladi sou bèt Ejipsyen yo.
Bondye te voye maleng ki
te fè yo mal anpil, epi pèp
la te souffri anpil. Men,
Farawon te kontinye ap
kenbe tèt ak Bondye.





Bondye te fè
lagrèl tonbe sou
tout peyi Lejip,
epi apre sa, li te
voye krikèt ki te
devore rekòt
peyi a.






Aprè sa, Bondye te
voye twa jou fènwa
byen pwès. Men,
Farawon, ki te gen tèt
di, te toujou pa vle
libere Izrayelit yo.



"M ap voye yon
dènye flewo,"
Bondye te di.
"Kou li fè minwi,
tout premye pitit
moun yo ak bèt
yo pral mouri."
Bondye te di
Izrayelit yo pitit
yo t ap sove si yo
te wouze lento
pòt yo ak san yon
ti mouton.






Nan minwi, yon gwo rèl
te pete nan peyi Lejip.
Lanmò te frape. Pou pi
piti yon moun te
mouri nan chak kay.





"Pati", Farawon te mande
Moyiz. "Ale, sèvi Letènèl."
Pèp Bondye a te pati byen
vit ale nan direksyon
fwontyè peyi Lejip la.





Bondye te mande Moyiz pou li sonje
nuit Pak la, lè Zanj Bondye a te pase sou kay pèp
Izrayèl la epi li te frape Farawon ak pèp li a.






Après 430 ans dans le pays d'Égypte,
le Seigneur a permis qu'ils partent.
Le Seigneur a guidé les hommes
avec une colonne de nuage
la nuit et une colonne de feu.





Men, Farawon pa te abandone Izrayelit yo. Yon lòt fwa ankò li te bliye Bondye, yon lòt fwa ankò li te chanje lide. Li te rasanble lame li a epi li te pousuiv esklav yo. Apre yon ti tan li te jwenn yo nan mitan dezè a ak lanmè a.





"Letènèl ap goumen pou nou," Moyiz te di.
Aprè sa, li ale bò lanmè a epi li lonje bra l.



Se te yon gwo
mirak. Bondye
te louvri yon
pasaj nan dlo a.
Pèp la te travèse
san danje.



Lè sa a, lame Farawon an te galope rantre nan Lanmè Wouj la. "Nou pral pran yo," sòlda yo te panse. Men, Bondye te fèmen pasaj la, epi Lanmè a te vale lame Ejip la. Kounye a, Farawon te konnen, Bondye Izrayèl la se te Letènèl ki genyen tout pouvwa a.



Orevwa (adye) Farawon !

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Egzòd 4-15

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

